


REJIS VÒT ELEKTWONIK YO: ANREJISTREMAN VOTÈ YO PI RAPID, PI DOUS NAN JOU ELEKSYON AN

Pou pèmèt anrejistreman votè yo pi rapid ak pi egzak nan Jou Eleksyon an, Komisyonè Vil Filadèlfi yo pral sèvi ak yon nouvo sistèm rejis vòt elektwonik kòmanse avèk Eleksyon Primè 2023 a nan dat 16 Me.



AK KISA OU DWE ATANN OU NAN BIWO VÒT OU AN

Votè yo ka atann yon pwosesis anrejistreman ki pi dous, pi rapid nan biwo vòt yo. Lè votè yo antre nan lokal biwo vòt yo a, yo pral remake ke travayè biwo vòt yo pral travay sou tablèt olye rejis vòt sou papye. Tablèt sa yo se nouvo vèsyon elektwonik rejis vòt yo. Pou votè yo, pwosesis enskripsyón ak vòt la pral menm jan li konn ye nan eleksyon pase yo.

KIJAN REJIS VÒT ELEKTWONIK YO SOUTNI YON PWOSESIS ANREJISTREMAN KI PI RAPID

Avèk rejis vòt elektwonik nan men yo, travayè biwo vòt yo pral kapab chèche votè yo fasilman dapre prenon, siyati, oswa dat nesans. Nouvo rejis vòt elektwonik yo pral ede travayè biwo vòt yo swiv pwosedi ki apwopriye tankou:

- Ede yon votè remèt yon bilten vòt pa korespondans.
- Verifye ID votè pou moun ki votè premye fwa yo.
- Konfime adrès yon votè anvan votè a kapab enskri.
- Asire ke votè yo ap vote nan bon divizyon an ak bon pati a baze sou enskripsyón aktyèl votè yo.
- Jwenn dosye yon votè.

Alèkile, rejis vòt elektwonik yo pral ede Komisyonè Vil la asire pi gwo **presizon, sekirite ak efikasite** pandan enskripsyón votè yo, sa ki pral ede akselere tout pwosesis vòt an pèsòn lan.



Office of City Commissioner
Seth Bluestein

VOTE.PHILA.GOV